
ISSN 0207-6551
Нур
7
6+
2018

# РЕДАКТОРЫМ И ПСАЛЪЭ

Гъэм и зэманхэм я нэхъ дахэ Гъэмахуэр – дуней тхъэжыгъуэщ.

Мы къыдэкIыгъуэм сытым гу лъывигъатэрэ, фыхуигъэIущрэ? – Фи насып къихьу фыкъыщалъхуа щIыпIэм «Дуней жэнэткIэ» щIеджэр, абы и дахапIэхэм ящыщу – ХьэтIохъущыкъуей хадэр ди къэралым и жыг хадэ нэхъ ин дыдэхэм, нэхъ дахэхэм, нэхъыфIхэм ящыщу къыщIалъытэр къэфщIэнщ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым жыг лIэужьыгъуэу къыщыкIым иджыпсту фыхуэсакъынщ, балигъ фыхъумэ, ахэр фхъумэнщ, жьы фыхъумэ, езыхэм фыкъагъэфIэжынщ.

Хъарым ис псэущхьэхэм ятеухуа уэрэди, уси, хъыбари итщ мы къыдэкIыгъуэм. Абы яхэлъ гупсысэхэри гурыщIэхэри зэхуэдэкъым. Хъарым ис псэущхьэхэм фэ дауэ фахущыт? Зоопаркым фыкIуа иужь, сыт зыхэфщIэрэ? Къытхуэфтх.



**КЪАРМЭ Iэсият**

## ГЪЭМАХУЭ ПШЫНАЛЪЭ

КъакIуэ, къакIуэ, псысэ!
Дызэдэгъэусэ.
Дахэурэ сыгъафIэ –
Дыкъызэдэгъафэ…

Дыгъэ лъэпс хъыринэ –
Си шыпхъу щхьэ баринэ,
Мазэ нэкIу нэхунэ –
Си ныбжьэгъу пэтIинэ.

ПыгуфIыкIыу нанэ,
КъыткIэлъоплъэ дадэ…
Умыжей, щхьэхынэ –
ДыщохьэщIэ аддэ!

Макъамэр КЪЭБЭРДОКЪУЭ Борис,
псалъэхэр ВЫНДЫЖЬ Марие яйщ.

# БЗУ ЦIЫКIУМ И УЭРЭД




Ухуезэшу дунеишхуэмэ,
Унэщхъейуэ хъарым уэ уимыс.
Усхьыжынщи ди мэзышхуэмэ,
Уи уэрэдхэр абы уэ щыус.

Ежьу: Ущхьэхуиту, уэ унасыпыфIэу
Уи ныбжьэгъу уи гъусэу упсэунщ.
ЗэщIэжьыуэу фэ уэрэд здыжыфIэм,
Сэри сыфхуэгуфIэу седэIуэнщ.

Си бзу цIыкIум сыпхуезэшурэ
Уи хъар нэщIым куэдрэ сеплъынщ.
Лъагъунлъагъу уэрэд къыбдисшурэ
Сызэхэпхымэ, укъысхуэкIуэнщ.

Ежьу:

Уэрэд дахэ бзум щыжаIэкIэ,
Уи фэеплъу абы седэIуэнщ.
УнэщхъыфIэу гум щыжиIэкIэ
Си ныбжьэгъум уэ сыпхуэгуфIэнщ.

Ежьу:

***НАЛО Заур Мыхъэмэт** и къуэр мы гъэм илъэс **90** ирокъу.*

***Заур** 1928 гъэм Хъэтуей (Старэ Урыху) къуажэм къыщалъхуащ – усакIуэщ, тхакIуэщ, еджагъэшхуэщ. 1952 гъэм Къэбэрдей пединститутыр къиухри абы щригъэджащ. 1954 гъэм щыщIэдзауэ пенсым кIуэху щIэныгъэхутэ институтым щылэжьащ. Усэ тхылъ зыбжанэ, новеллэ тхылъ, повесть, рассказхэр, адыгэ культурэм и тхыдэм пыщIа къэхутэныгъэ тхылъхэр тыгъэ къытхуищIащ.*

# АКЪЫЛЫМРЭ КЪАРУМРЭ

Еуэри, тхьэм псэущхьэу щыIэр къигъэщIри, псэупIэр къахуигуэшу щIидзащ: бдзэжьейм – псыр, къуалэбзум – уэгур, хьэкIэкхъуэкIэм – щIыр, хьэпщхупщым – щIы щIагъыр.

Иджы,– жиIащ тхьэм,– насыпыр зыхэлъ акъылымрэ къарумрэ къэнащ. Сэ зэхэгъэж сиIэкъым, а тIур фэ вгуэшыж.



Чысэм илъу *насыпыр* къаритащ. Аслъэным чысащхьэр итIатэщ, зэпиплъыхьщ-къызэпиплъыхьри, *къарур* игу ирихьати езым къызыхуигъэнащ.

– Мыр хэт зэттынур? – егъэпIий *акъылыр.*

– Нэхъ тхьэмыщкIэм ет, – жаIэ псэущхьэхэм.

Аслъэным зиплъыхьри ЦIыхум нэхъ тхьэмыщкIэ илъэгъуакъым: хэт мэлъатэ, хэт йос, хэт жэрщ, хэт шэрэз иIэщ, хэт щIы щIагъым зыщегъэпщкIу. ЦIыхум зыри иIэтэкъыми, акъылыр хуишиящ:

– Мэ,тхьэмыщкIэ, нэгъуэщI мыхъуми зрипхъумэжынщ! – жери.

– Ущымыуэ, Аслъэн, цIыхум акъылыр лъысмэ, дыпэлъэщыжынкъым: езыр тшхыным и пIэкIэ дэ дишхынщ,– жаIэ псэущхьэхэм.

– Фымыгузавэ,– жи,– фи жагъуэ къищIу хуежьэмэ, мыдэ си деж фыкъакIуэ: къарум къыпэлъэщын сыт щыIэ, ар сэ къысхуэнащ.

Арати, псэущхьэхэр зэбгрокIыж.

Ауэрэ зэмани макIуэ.

Махуэ гуэрым ТхьэкIумэкIыхьыр къокIуэ Аслъэным деж:

– Дипщ,– жи,– акъылыр зылъыбгъэсам дигъэпсэужыркъым, къапхъэнкlэ дыкъеубыдри дешх: къытщыж!

– lау, нтlэ абыи зыгуэр ишхын хуейкъэ! – жи Аслъэным, езыми лы зэрыфlэфlыр ищlэжти.

Итlанэ Бажэр къокlуэ:

– Дипщ,– жи,– лей къытлъос: Цlыхум дыкъеубыдри, ди фэр трех аби, джэдыгу ещl.

– Умыгузавэ, сэ сыхурикъунщ абы,– жери ари lуегъэкlыж.

Кlэщlкlэ абы къыкlэлъокlуэ Дыгъужьыр:

– Зиусхьэн, – жи, – дыгъуэгыурэ Цlыхум акъылыр ептащи, дыпэлъэщыжыркъым: lэщыр зыlэщlиубыдащи, дигъэшхыжыркъым.

– Сэ абы хуэфl сыхъунщ! – жери Аслъэныр къожьэ.

Къакlуэм-къакlуэурэ, Цlыхум джыдэ ищlарэ пхъэ пиупщlу кърохьэлlэ. «Сэ абы езгъэлъагъунщ къару жыхуаlэр» – жери, къыбгъэдохьэ:

– Слlо, хьэмэ къилъхуа, хьэкlэкхъуэкlэр щlызэтебукlэр?– жи.– Иджыпсту узэпкърыстхъынщи узыlурыслъэфэнщ!

Цlыхум ауан къещl Аслъэныр:

– Сыту уаслъэн делэ,– жи,– уэ!

– Сыт «делэ» жыхуэпlэр? Сэ усшхыну сыкъэкlуащ, къыбгурыlуа?

– Къызгурыlуащ,– жи Цlыхум,– ауэ уэ дауэ узэрыпсэунур итlанэ? Уэ бийуэ уиlэр зыхуэдизыр пщlэжрэ? Бжьэр мыщэм ежэмэ, иращlэр плъэгъуа? Уэ уи бий къомыр къожэмэ, дауэ зыпхъумэжыну?

Аслъэныр lэнкун хъури пхэщlкlэ тlысащ:

– Дауэ? – жиlэри.

– Зи дауэращ,– жи Цlыхум,– уи бийхэм укърахужьэ хъужыкъуэмэ, ахэр зыпэмылъэщын гъэпщкlуплlэ сэ пхузощl. Уэ сыпшхмэ, хэт быдаплlэ пхуэзыщlыжынур?

Аслъэныр игъэгупсысащ Цlыхум къыжриlам.



– Упсэу! – жи, хъуэхъу дахэ къыжреlэж.– Щlы, нэхъ быдэlуэу щlы уэ!

Цlыхур еувалlэри, бжэ хэлъу гуэн быдэ ищlащ.

– Дауэ къыпщыхъурэ уи быдаплlэр, Аслъэн? – жи. – Мыбы уипщхьэжмэ, зыгуэр къыппэлъэщын?

– Уэлэхьэ, къыспэмылъэщын, – жи мыдрейми.

– Къихьи, еплъыт тыншрэ мытыншрэ.

Аслъэныр гуэным ипщхьащ.

– Еуэй! – жери Цlыхум гузавэ хуэдэ зещl.– Цlыкlуlуэ хъуащ, уи кlэр къощ.

Аслъэным и кlэр зыкlэщlеупщlэ, Цlыхум гуэныбжэр егъэбыдэж.

– Дауэ къыпщыхъурэ уи быдаплlэр? – мэдыхьэшх Цlыхур.

Аслъэныр адэкlэ йоуэ, мыдэкlэ йоуэри пэлъэщыркъым.

– Уэлэхьэ, быдэу пщlам! – жи.

– Нтlэ, сщlамэ, ис, уилlыхьыху! – жи Цlыхум.– Уи гугъати къарум нэхъ лъэщ щымыlэу! Слlо иджы уи къарум и сэбэпыжыр?

Къыгурыlуащ Аслъэным акъылыр къызэрытекlуар. Гъуахъуэу щlидзащ:

– Уэиихь, Цlыхум сеукl! – жери. – Сыкъевгъэл, фыкъыздэlэпыкъу!

Аращхьэкlэ Аслъэным текlуам хэт пэувыжынт – псори зэбгрыжащ.

Мис аращ цlыхум нэхъ пщы щыlэкъым щlыжаlэжар.

***НАЛО Заур*** зэритхыжамкlэ

# ХьэтIохъущыкъуей хадэ

Хадэм и инагъыр: гектар 205-рэ,
къэкIыгъэхэм яубыд щIыпIэр (*ухуэныгъэхэр хэмыту*): гектар 194-рэ,
жыгыу – 33 304, гъурцу – 15 650 къыщокI.
Хадэм кIуэцIрыкI Лъагъуэ нэхъыщхьэм метр 1400 и кIыхьагъщ,
метрибгъу и бгъуагъщ.
Къэбэрдей-Балъкъэрым жыг лIэужьыгъуэу къыщыкIым я Iыхьэ
щанэр ХьэтIохъущыкъуей хадэм итщ.







*ЩIэныгъэлI* ***ХЬЭТЫХЪУ*** *IэубэчыррэI «Нурым» еджэ цIыкIухэмрэ ХьэтIохъущыкъуей хадэм къыщакIухьащ, хамэ къэралхэм къраша «жыг хьэщIэхэр» зэрагъэцIыхуу, абы динозаврхэм я ныбжь жыг (Гинкго) зэритыр ягъэщIагъуэу, бзу цIыкIухэр ягъэашхэу.*

*ЩIэныгъэлIымрэ сабийхэмрэ я псалъэмакъым щыщ зы пычыгъуэ тыдодзэ.*

***Iэубэчыр:*** – ЦIыкIухэ, хэт къызжиIэн жэнэтыр зищIысыр?

***Инал:*** – ЦIыхуфIыр дунейм ехыжа иужькIэ здэкIуэр жэнэтщ.

– Ар дапхуэдэу фи нэгу къызэрыщIыхьэр?

***ДжэбрэIил:*** – Ар жыг хадэ дахэщ, удз гъэгъахэр къыщыкIыу.

– Бзу цIыкIухэм уэрэд щыжаIэу, – къыпещэ ***Мадинэ***. ***Тимури*** арыххэу и гупсысэм «мэшэсри» зэкIэлъегъэпIащIэ: – Псынэпс щIыIэмыли къащIож уэс зытелъ къурш лъагэхэм. Ар псыежэхыу ирожэ.

***Iэубэчыр:*** – АтIэ, фэ зи гугъу фщIыр мы ди жыг хадэращ, пэжкъэ?

– Пэжщ, пэж дыдэ! – гуфIэу зэрогъэкIий сабийхэр.

***Iэубэчыр:*** – АтIэ, ди щIалэфIхэ, пщащэ дахэхэ, мы фыщыпсэу щIыпIэр «Дуней жэнэт» жыхуаIэжыращи, ар зэи фигу ивмыгъэху. Фэ пщэдей балигъ фыхъунурэ, хэт щIэныгъэлI, хэт къулыкъущIэ, хэт хьэрычэтыщI лъэрызехьэ къыфхэкIынущ.

Мы щIыналъэ дахэр фэ зефхьэн хуей хъунущи, фхузехьэну? Сыкъэвгъэгугъэрэ?

– Тхузехьэнущ. Тхъумэфынущ! – зэрогъэкIий сабийхэр.

– Тхьэм фыхущIигъэхьэ. Узыншэу тхьэм фыкъытхуигъэхъу! – игу зэгъауэ мэхъуахъуэ щIэныгъэлIыр.



## ХЬЭТIОХЪУЩЫКЪУЕЙ ХАДЭР ДИ ЖЭНЭТ ЛЪАХЭМ И КУПСЭЩ

Жыг хадэм и тхыдэм теухуауэ щIэныгъэлIхэм жаIэ:

Жыг хадэр здэщыIэ щIыпIэм Iуащхьэхэр щыкуэдщ. Ар щыхьэт тохъуэ мы щIыпIэм ди цивилизацэм ипэкIэ цIыху зэрыщыпсэуам.

1822 гъэм Налшык псыхъуэ и сэмэгурабгъу тафэм къалэ щаухуэ. Мэз гуэрэныр пхъэщхьэмыщхьэ хадэ хъууэ хуожьэ. ЩIыр ягъэкъабзэ, жыгIэрысэхэр хасэ, кIэлъоплъ.

1870 гъэм ХьэтIохъущокъуэ ХьэтIохъущыкъуэ пщы цIэрыIуэм жыг хадэм кIэлъыплъын щIедзэ, псыIэрышэ бжьамийхэр кърешалIэ. Адыгэр зыхуэIэзэ жыггъэкI Iэмалхэр къигъэсэбэпурэ жыг хадэр егъэдахэ.

ХьэтIохъущыкъуэ езым и дыщэ ахъшэ щIитурэ хамэ къэралхэм жыгыфIхэр къреш (Австрием, Норвегием, Данием н. щI.).

1920–40 гъэхэм къэрал лэжьакIуэ Къалмыкъ БетIал хадэм жыгыщIэ хрегъасэ, республикэм и жылагъуэхэм кърашыурэ. Хадэм зеужь.

2007 гъэм ХьэтIохъущокъуэ ХьэтIохъущыкъуэ и цIэр фIащыж Налшык паркым.

Зыгъэхьэзырар
**АБРОКЪУЭ Б.**

# ХЬЭТӀОХЪУЩЫКЪУЕЙ ХАДЭМ И КАРТЭ



1. ХьэтIохъущыкъуей хадэ ихьэпIэ нэхъыщхьэ
2. Къалмыкъ Б. Э. и фэеплъ
3. Дзэ хужьым IэщIэкIуэдахэм я фэеплъ
4. Социализмэм щIэбэнахэм я кхъэ
5. «МафIэ мыужьых». Хэку зауэшхуэм 1942-43 гъ.гъ. Налшык зыхъумахэм я фэеплъ
6. Политикэм и лей къызытехьахэм я фэеплъ
7. Адыгэ драмэ театр
8. Теннис джэгупIэ
9. «МАХУЭРЫБЖ»
10. «ВАГЪУЭМЫВЭ»
11. Псыутх
12. Хуей гъэгъа (клумба)



13. Розэ къыщагъэкI хьэсэ
14. Хадэм и лэжьакIуэхэм я унэ
15. Налшык псыхъуэм хуэкIуэ ехыпIэ
16. «Эльбрус» ресторан
17. Театр щхъуантIэ (Гъэмахуэ театр)
18. ПащIэ Б., Мечиев С. я фэеплъ
19. Усыгъэм и лъагъуэ
20. ШхапIэ
21. «СЫХЬЭТ»
22. Уэздыгъей гуэрэн
23. Нэчыхьытх Унэ



ХьэтIохъущыкъуей хадэм и унафэщI ***БОЗИЙ Хьэсэн***
жыгхэмрэ гъурцхэмрэ ящыщу дигъэцIыхуахэр:

## ЖЫГХЭР

Алыча (желтая, красная) – пхъэгулъей
Акация – кIарцей
Бузина – бэрэжьей
Береза – пхъэхуей
Бук восточный – бжей
Барбарис – къэтхъэнсолыкъуей
Боярышник – хьэмкIутIей
Вейгела
Вишня – балией
Виноград – жызумей
Вяз – дыкъуэнагъ
Глициния
Груша лесная – мэзкхъужьей
Граб – тхуей
Гибискус – кIэпэф
Гинкго двулопастный
Гледичия – банэжыг
Дуб – жыгей
Ель (канадская, колючая) – псей
Ива – дзэл
Каштан (конский, белый, розовый) – щIыдэгъэгъу, щхъуэмчжыг
Клен – Iэней
Кизил – зей
Катальпа – хьэщхъурыIуэджэш
Карагач (вяз пробковый) – къэрэгъэш
Липа – бзииху
Лещина – дейцIыкIу
Мушмула – къущхьэмышхей
Орех грецкий – дэшхуей
Ольха черная – екIэпцIэ
Осина – пхъэщабэ
Облепиха – къазмакъ
Платан восточный – тхушэ
Плющ – щIамий
Рябина – мыщэхупщей
Сирень – мэжджытжыг
Сосна – уэздыгъей
Скумпия – быяу
Сумах
Тополь – щиху
Хмелеграб – хуэшэ
Черешня дикая – мэзшэдыгъуей (балийIэрысей)
Черемуха – чыпцIэпщхьэпэ
Шелковица – мэракIуей
Яблоня лесная – мэзмей
Ясень – кIей

## ГЪУРЦХЭР

Айва японская – хьэиуэ
Жимолость – джэрджэм
Кипарисовик – шыкIуртIымщэху
Лосона
Лигуструм (бирючина, волчья ягода) – лэнкI, хьэгъэжь, дыгъужьгъалIэ
Лиственница – тхьэмпабэ
Магония подуболистная
Можжевельник – къуэрэдырэ
Пихта кавказская – псей
Роза морщинистая – гуащэнабдзэ
Свидина кроваво-красная – зейнэпцI
Снежноягодник (волчья ягода) – дыгъужьгъалIэ
Самшит (вечнозеленый) – чэщей
Спирея
Текома
Туя
Тис ягодный – псейщэху (нартей)
Чубушник кавказский
Форзиция

Зыгъэхьэзырар
***ХЬЭЛИЛЭ М.***



АФIЭУНЭ Лиуан

# ЗООПАРКЫМ

## Адакъэ цIыкIу

Хишу и пщэр
Ину маIуэ,
Ар и макъым
Щымысхьыж.
ФыкIуэ хъумэ
Зоопаркым,
Феплъ, федаIуэ –
НэхъыфIыжщ!

## Мыщэ

Модэ феплъыт,
Мо мыщэжьу
Мо мыуэжьу
Мо домбейм
И лъэгубгъуэр
ТриупцIэу,
ЗэрищI фIыуэ
Ислъэмей!

## Къаплъэн

Укъаплъэнкъэ
Уэ инышхуэр,
Сытыт нетIэ
УщIэгъар?
Дэ къыджеIэт
Мыдэ псынщ1эу,
Хэт уи жагъуэ
КъэзыщIар?
– Зыми, цIыкIухэ!
СлъэмыкIыжу
ГуащIэмащIэ,
Жьы сыхъуащ.
Сабиигъуэр
Сигу къэкIыжри,
Фыщыслъагъум, –
ТIэкIу сыгъащ.

## Махъшэ

Махъшэ, махъшэ,
УитI, пэджыдэ,
ПщIакъэ
Шэджагъуашхэ?
Уэ инышхуэр
УмыукIытэу,
Сыт ущIэжьэгъуашхэр?
Ущымыту
КъэтIыс мыдэ,
Мэ, пыченэ,
Вафлъэ.
Уи щIыбыкум
Илъ хъуржыным
Илъыр сыт? –
Дигъаплъэ!

## Номин

И кIэ кIыхьым
Ироджэгур
ТхьэкIумэшхуэ,
ЦIыкIужьей.
ЗитхьэщIакъым
Нышэдибэ,
Ауэ сытми
НапэфIей!

## Дыгъужь

Уэ-ри-ра-рэ,
Дыгъужьыжь!
ЗэранщIакIуэ,
КIэ кIыхьыжь.
Уэ пхуэфащэр
КыпщыщIакъэ,
Ис гъущI хъарым –
Сыт пщIэжын?
ЩакIуэ дадэ
Уридзакъэ.
Иджы дэнэ
Ук1уэжын?!



Сур. **ЕЛЕЙ Мухьэмэд**, илъэсибл

**СУТЕЕВ Владимир**



# КХЪУХЬ



Хъумпlэ, Къуакъуэ, мэшбэв Дыкъуэ,
Джэджьей Цыпхъуэ, кlэлъэф Дзыгъуэ
Дунеяплъэ зэдежьащ,
Щхьэхьу псыхъуэм зэрыхьащ.



– Зыдвгъэгъэпскl, – жи пщэкумб Къуакъуэ.
– Сэ сесыфкъым,– жеlэ Дыкъуэ.
Цыпхъуи Дзыгъуи псым lуокlуэт,
Хъумпlэцlэджри йокlуэт.

Псым хэпкlауэ Къуакъуэ хахуэ:
– Сыт фи лlыгъэ? Сыт фи махуэ?
Уаркlыкl-сыркlыкl-къыуу-уакъ! –
Ауаныщlу къахуоуакъ.



Цыпхъуи Дыкъуи загъэгусэ,
Ахэр кууэ мэгупсысэ,
Дзыгъуи Хъумпlи lупщlэ ящl,
Мыр унафэуи зэдащl:









Хъумпlэ, чымпэ къыпхухохыр, –
– Цыпхъуэ, уэри тхьэмпэ пхуохыр, –
– Дыкъуэ, кlапсэ зэгъэгъуэт.
– Дзыгъуэ, дафэр уэ къэгъуэт!

Дзыгъуэ плIэкIэ къихьа дафэм
Иралъхьауэ, чымпэ папцIэм
Тхьэмпэ пIащIэр кIэращIэж,
Быдэу дафэм кIэрапхэж.



Псым щIэрыIэурэ тырашэ,
ПлIыми гуфIэу зрагуашэ,
Йожьэ. Къуакъуэ мэхъуэпсэж,
БампIэу якIэлъокъуэкъуэж:

– Къыууакъыу, къыууаркIэ!
«Къысхуэвгъэгъу»,– жи, – маджэ, мапкIэ.
И ныбжьэгъухэр къемыплъэкI, –
Дунеяплъэхэщ! Iуосыкl...



Усэбзэу зэзыдзэкIар
***АБРОКЪУЭ Беллэщ***



# ГЪЭМАХУЭ ТЕПЛЪЭГЪУЭХЭР



**КIЫЩ *Лилианэ*,** 4-нэ кл.



**ДАУР *Алинэ*,** 4-нэ кл.



**МЭШ *Къантемыр*,** 4-нэ кл.



**ДАУР *Алинэ*,** 4-нэ кл.



**КIУЭКIУЭ *Наирэ*,** 2-нэ кл.


НУР

*ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЖУРНАЛ ДЛЯ ДЕТЕЙ «НУР»*

Издается
С 1 января 1982 года
№ 7 2018 г.

Учредитель:
Государственное казённое учреждение Кабардино-Балкарской Республики «КБР-Медиа»

И. о. главного редактора
***Б. М. АБРОКОВА***

Редакционный совет:
***Х. КАРМОКОВ***
***А. КАРМОВА***
***Е. ТХАМОКОВА***
***Х. ТИМИЖЕВ***
***П. ХАТУЕВ***

Художественный редактор
***М. ХАЛИЛОВА***

Компьютерная вёрстка
***Н. РАСТОРГУЕВОЙ***

Свидетельство о регистрации ПИ № ТУ07-00125 от 11 января 2018 г. Управление Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникации по КБР.

Подписано к печати
05.07. 2018 г.
Выход в свет 25.07. 2018 г.

Формат 60х90 $^{1}/_{8}$
Бумага мелованная
Гарнитура Arial, Tolstyak. DrunkC, Comic Sans MS.
Печать офсетная
Усл.печ. л. 2
Усл.кр.-отт 8
Уч.-изд.л. 2,7

Тираж 2785 экз.
Заказ № 200
Индекс 73912

Стоимость одного номера по подписке через ФГУП «Почта России» – 13,87 руб.; за 6 мес.– 83,22 руб.

Адрес редакции:
360000, Нальчик,
пр. Ленина, 5.
Тел.: 42-17-53, 42-75-30
**nur.kbr1982@yandex.ru**

Адрес издателя: 360017, г. Нальчик, пр. Ленина, 5. ГКУ «КБР-Медиа». Дом печати.

Отпечатано в типографии ООО «Тетраграф» 360000, КБР, г. Нальчик, пр. Ленина, 33.

Отпечатано в полном соответствии с качеством предоставленного электронного оригинал-макета.